# Открытый урок
# по родному языку
# «Хъ гьаракь, ва хъ хIарп»
# (1 класс)




Провела учитель начальных классов

Шихабудинова С.А.

*Дарсил тема:* «Хъ гьаракь, ва хъ хIарп»

Дарсил мурад:

1. Хъ х1арпалъулгун лъай – хъвай гьаби.
2. Хъ х1арпгун раг1аби ц1ализе лъимал ругьун гьари.
3. Лъималазул т1абиг1аталдехун рокъи бижизаби.

Дарсил тайпа: Г1адатияб ц1ияб дарс малъиялъул.

## Дарсил план

*I.Класс дарсиде х1адур гьаби*

*II.Рокъобе дарс гьикъи*

*III.Ц1ияб дарс баян гьаби.*

*а)Бицанк1о*

*б)Хъ х1арпгун раг1аби ургъи*

*в) Хъ х1арпгун предложениял ургъи*

*г) Раг1абазда гъорлъ хъ х1арп бат1а гьабизе лъай*

*д) Сураталдасан х1алт1и*

*е) Хъ х1арпгун раг1аби ва предложениял ц1али.*

*IV. Ц1ияб дарс щула гьаби*

*V. Дарсил х1асил гьаби*

*VI. Рокъобе х1алт1и*

## *Дарсил ин*

***I. Авалияб г1уц1и.***

***II. Дарсиде х1адурлъи.***

***III. Салам кьей.***

*Салам дир хириял маг1арулазе,*
*Салам дир мац1алъе хилиплъич1езе*
*Гъайбатаб, берцинаб ях1 гъорлъ бессараб*
*Салам аваразул мац1 ц1унулезе!*

*Лъик1 щварал маг1арулал,*
*Авар мац1алъул гъасде*
*Лъик1 рач1арал, ракьцоял,*
*Бокъулеб гъаб сверуде!*

*Жакъа дие гъаб дарс байбихьизе бокьун буго, нилъеда киназдаго лъалеб, киназего бокьулеб, жакъа щибаб лъимадул рек1ел ах1илъун лъугьине рекъараб «Малъе,эбел, рахьдал мац1 абураб коч1ол раг1абаздалъун.*

*Дида тарихги лъазе,*
*Дагъистанги бокьизе,*
*Кьолбол васлъун вук1ине,*
*Малъе, Эбел, рахьдал мац1!*

***IV. К1ирекъарал х1арпал такрар гьари.***

***Г1, Т1, К1, Х1, ГЬ, ЛЪ, Ц1, Ч1***

***V. Рокъобе кьураб х1алт1ул хал гьаби.***

***«Лъимал тамашалъана» абураб хабар ц1али.***

**VI. Ц1ияб дарс малъи.**

**1.Бицанк1о**

*Жибго ч1ван, т1анч1и рахъ?*

**(хъабахъ)**

- Нужеда кин рак1алде **кколеб** лъимал, жакъа кинаб х1арп нилъеца малъизе бугеб?

**- Хъ х1арп**

**1) Хъ х1арпгун раг1аби ургъи.**

Хъал,хъарахъ,хъах1аб, хъах1илаб

**2) Хъ х1арпалъул х1акъалъулъ кеч1 ц1али**

Хъандулалъул хурибе
Хъабан къасиги щвана
Хъабахъги мугъзада ч1ван,
Хъарталъ г1адин, ракь тана.
Хъабаналъ хъалгун цадахъ
Хъабахъ хъарсун лъуг1ана,
Хъухъанчадал урбагун
Хъазалъ к1ут1ун рахъана.

**V.Физминутка.**

К1анц1е, к1анц1е, дир к1анц1ур,
Дунги цадахъ к1анц1ела,
Тире, тире,дир торг1о,
Дунги цадахъ тирила

**VI. Хъ х1арпалдалъун ц1иял раг1аби лъугьинари.**

**Хъ - аз** **-аба-**
**-ал** **-ара-**
**- абан**
**- ала**
**-азан-** **-ал**

- арт -изан

-у – адиро
- арпуз

2.Хъ х1арпгун раг1аби слогазде риххи.

Хъан – ду – лай
Хъа-тун
Хъа-за-ми

3. Хъ х1арпгун слогал ц1али
4. Хъ х1арпгун раг1аби ц1али,
Хъал ,хъил, хъулухъ, хъарахъ, хъах1аб, хъах1илаб, хъирхъири,хъурхъунги
5. «Хъабхъал» абураб хабар ц1али
6. Сураталдасан х1алт1и
7. Хъ х1арпалде гьабураб кеч1 лъазаби

Хъ х1арп хъач1аб жо буго
Хъирхъидула, хъет1ола,
Хъваг1адула, хъарсола

VII. Ц1ияб дарс щула гьаби

1.Бицанк1о
Хъах1илаб зодисан
Хьвархьвадилаго
Хъах1ал т1ут1ал руго
Г1одор рещт1унел
Ц1ияб х1арп бугищ гьеб раг1улъ?

**VIII. Дарсилх1асил гьаби.**

*Дарсида лъик1аб г1ахьаллъи гьабуразе – къимат лъела*

**IX. Рокъобе х1алт1и**

*Азбукаллъул гьумералда бугеб*

*Хабар ц1ализе ва сурталдасан хабар г1уц1изе*